

AVI PUBLIC

THE HOUSING AUTHORITY OF THE CITY OF FORT LAUDERDALE AP OTORITE LAJMAN VIL FORT LAUDERDALE AP LOUVRI LIS DATANT POU NORTHWEST GARDENS I (ALAN APATMAN) YON DEVLOPMAN PLIZYE-FANMI YO KI FET POU MOUN AJE (645 NW 10 AVE FORT LAUDERDALE, FL 33311)

Aplikasyon preliminè yo dwe ranpli sou Entènèt apati jedi 15 janvye 2026. Aplikasyon yo pral fèmen apre yo fin resevwa 100 aplikasyon. Pou yo ka elijib pou yo mete sou lis datant la, konpozisyon fanmi an DWE gen yon minimòm de yon (1) ak yon maksimòm de (2) manm. Chèf Kay la DWE gen 62 an oswa plis. Revni brit anyèl total kay la pa dwe depase limit revni ki ba anpil pou gwosè fanmi ki apwopriye a jan yo endike nan Tablo Limit Revni ki parèt nan fen Avi Piblik sa a.

Remak: Sit la gen inite 1 chanm sèlman.

Si w vle aplike, w ap bezwen konekte sou www.housing.hacfl.com epi swiv asistan aplikasyon an pou asire w ke w ranpli tout jaden obligatwa yo oswa aplikasyon an p ap soumèt avèk siksè alafen.

YAP AKSEPTE Aplikasyon Pre-APLIKASYON SÈLMAN.

**Aplikasyon prelimine yo dwe ranpli apati jedi 16 janvye 2026 epi fini lè yo resevwa 100 non.
Yo PAP aksepte aplikasyon an men nan oswa voye pa lapòs.**

"Si oumenm oswa nenpòt moun nan fanmi w se yon moun ki andikape epi w bezwen yon aranjman espesifik pou w kapab itilize pwogram ak sèvis nou yo, tanpri kontakte nou nan (954) 556-4100, 500 West Sunrise Blvd, Fort Lauderdale, FL. 33311 ak/oswa pa imèl nan intake@hacfl.com"

Pou Lis Datant pou Moun Aje pou Plizyè Fanmi: Tout aplikasyon davans ranpli yo soumèt sou Entènèt yo pral trete nan lòd sistèm nou an resevwa yo. Sistèm nan pral sèlman aksepte 100 non. Aplikasyon ki pa konplè yo pa kapab/p ap soumèt e se poutèt sa yo p ap trete.

» Yo pral detèmine plas nan lis datant la dapre lòd yo soumèt aplikasyon yo.

» Yo p ap soumèt aplikasyon ki pa konplè.

LIMIT LAJEN POU APLIKAN PWOGAM LOJMAN CHWA

Kantite moun ki nan Fanmi	1	2
Revni Ki Ba - Anpil	\$ 40,350	\$ 46,100

Si yo soumèt aplikasyon w lan avèk siksè, w ap resevwa yon resi ki konfime soumèt la.

The Housing Authority of the City of Fort Lauderdale pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, relijyon, orijin nasyonal, sèks, afilyasyon politik, andikap, andikap oswa sitiasyon famiyal.